

Kijan m ka jwenn yon lekòl preskolè oswa yon gadri?

Kisa pre-K ye?

Klas pre-k yo jeneralman konpoze ak de pwofesè epi 20 elèv ki gen laj 3 a 5 lane. Pwofesè yo ede elèv yo devlope konpetans yo pral bezwen pou reyisi nan jadendanfan. Yon jounen konplè dire omwen 5 èdtan, epi anpil pwogram fonksyone soti 9è dimaten rive 3è aprèmidi. Pou enskri pou yon ane lekòl, pitit ou a dwe gen 3 zan nan dat 1ye septanm oswa anvan sa.

Ki pwogram lekòl preskolè gratis ki disponib nan Filadèlfi?

Free Philly Pre-K

- Pa gen limit sou revni.
- Vizite www.freephillyprek.org oubyen rele 844-745-7735.
- Revize lekòl yo sou kat la epi chwazi twa pi bon lekòl ou yo.
- Rele lekòl yo pou mande si y ap aksepte nouvo elèv.
- Kreye yon kont epi aplike sou entènèt nan apply.avela.org/phillyprek
- Verifye aplikasyon w lan chak semèn pou wè si yo apwouve l.



PA Pre-K Counts

- Pou revni fwaye ki egal oswa mwens pase 300% liy povrete federa
- Vizite www.findchildcare.pa.gov oubyen rele 877-472-5437.
- Antre kòd postal ou epi chwazi onglet "Pre-K Counts" sou kat la.
- Rele lekòl yo pou mande si y ap aksepte nouvo elèv.
- Ou kapab aplike tou pou PA Pre-K Counts atravè sit entènèt Philly a. <https://apply.avela.org/phillyprek>



HeadStart

- Pou revni fwaye ki egal oswa mwens pase 100% liy povrete federa
- Vizite headstart.gov/center-locator oubyen rele 866-763-6481.
- Antre kòd postal ou epi gade lekòl yo sou kat jeyografik la.
- Rele lekòl yo pou mande si y ap aksepte nouvo elèv.



Èske gen lekòl preskolè espesyalize pou timoun andikape?

Wi. Pale ak LEA pitit ou a ansanm ak ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) a pou konnen si pitit ou a ta ka kalifye pou yon salklas espesyalize.

Mwen pa sèten pitit mwen an pare pou Pre-K. Ki opsyon ki disponib?

Pou timoun ki gen yon dyagnostik Twoub Espèk Otis (TSA), gen kèk pwogram Analiz Konpòtmantal Aplike (ABA) ki ofri opòtinite pou devlopman konpetans ak sosyalizasyon ak lòt timoun parèy yo nan sesyon ki pi kout. Gade feyè ABA a pou plis enfòmasyon.

Kibò m ka jwenn yon founisè gadri ki gen lisans pou gadri lajounen, anvan oswa apre gadri?

- Vizite www.findchildcare.pa.gov oubyen rele 877-472-5437.
- Antre kòd postal ou ak laj timoun lan.
- Chwazi onglè "Gadri" sou kat la.
- Kontakte founisè yo selon kote yo ye a ak evalyasyon Keystone STARS yo.

Kijan m ka jwenn asistans pou peye pou gadri, anvan gadri oswa apre gadri?

Si ou travay 20 èdtan chak semèn (oswa plis pase 10 èdtan ak plis pase 10 èdtan fòmasyon), ou gendwa kalifye pou Child Care Works (ansyen CCIS lan) ki ka sibvansyone gadri nan nenpòt gadri ki gen lisans nan Filadèlfi.

Kijan pou m aplike pou Child Care Works?

Sant Resous Aprantisaj Prekòs #18 (ELRC 18) PHMC a administre pwogram Child Care Works nan Filadèlfi.

- Aplike sou entènèt atravè Compass www.compass.dhs.pa.gov.
- Aplike fizikman nan 4601 Market St oubyen 1200 Callowhill St.
- Veye yon aplikasyon alekri nan faks nan nimewo 267-592-4178.
Jwenn aplikasyon ekri a sou entènèt nan www.elrc-phmc.org/elrc-18.
- Imèl ELRC18Intake@phmc.org.



Mwen resevwa TANF (èd lajan kach). Èske mwen ka jwenn gadri ki sibvansyone?

Aktyèl oswa ansyen benefisyè TANF (èd lajan kach) yo gendwa kalifye tou pou gadri timoun ki sibvansyone pou nenpòt travay oswa aktivite edikasyon. Mande travayè sosyal Biwo Asistans Konte w la pou ajoute soutyen sa a nan Akò Responsablite Mityèl ou a. Pou plis enfòmasyon, vizite www.pa.gov/agencies/dhs/resources/cash-assistance/employment-training-tanf.html.



Mwen resevwa SNAP (koupon manje). Èske mwen ka jwenn gadri ki sibvansyone?

Benefisyè SNAP (koupon manje) kounye a gendwa kalifye tou pou gadri ki sibvansyone pandan y ap patisipe nan yon pwogram edikasyon oswa rechèch travay. Mande travayè sosyal Biwo Asistans Konte w la pou kreye yon Plan Devlopman pou Travay. Pou plis enfòmasyon, vizite www.pa.gov/agencies/dhs/resources/snap/snap-employment-training.html.

